

Forum citoyen pour la réforme de la justice



« Pour une assistance juridique efficace et respectueuse de la dignité humaine »

Document de discussion du 7^e Forum National

4 novembre 2005
Port-au-Prince

1. Critères d'accès à l'aide juridique :

Constat :

- L'aide gratuite que l'Etat délivre (fournit) ne garantit pas aux justiciables l'accès à la justice. Les institutions en charge de délivrer les différentes formes d'aide juridique ne sont pas dotées de structures ni de mécanismes de fonctionnement. De plus, l'aide juridique n'est pas totale et n'est donc pas efficace. *Artibonite, Marmelade, 01/10/05*
- L'aide gratuite que l'Etat délivre (fournit) ne garantit pas aux justiciables l'accès à la justice. Cette aide ne permet pas aux justiciables de résoudre leurs conflits pacifiquement. Les institutions en charge de l'aide juridique sont dépourvues de structures et de mécanismes de fonctionnement. *Artibonite, Petite-Rivière de l'Artibonite, 09/10/05*

Propositions :

- Les critères :
 - **Prise en compte des conditions économiques du justiciable**
Gratuité de l'aide juridique (partiellement ou totalement)
 - L'aide juridique doit être gratuite, totalement ou partiellement. *Centre, Thomassique, 17/09/05*
 - L'aide juridique que l'Etat fournit ne doit pas se limiter à l'assistance (représentation) d'un avocat au moment du jugement. L'aide doit permettre au justiciable de vider son conflit, c'est-à-dire, de le régler totalement et de manière satisfaisante (acceptable) pour lui. *Ouest, Carrefour, 17/09/05.*
 - L'aide juridique permet au justiciable qui n'en a pas les moyens d'avoir accès à la justice pour faire respecter ses droits. *Sud-Est, Belle-Anse, ...*
 - **Prise en compte des caractéristiques du conflit et des besoins du justiciable**
 - Conformité de l'aide aux besoins du justiciable (victime ou accusé) (l'aide doit être totale)
 - La garantie effective de l'aide juridique devrait être étendue pour tous les cas de viol, pour tous les enfants n'ayant pas atteint la majorité pénale (??), pour toutes les piétons victimes d'accident de voiture, etc. *Centre Mirebalais, 24/09/05*
 - Efficacité de la voie de recours, se pa sèlman nan domèn jiridik yo dwe bay èd la, Leta dwe bay èd la nan lòt konpetans tou, tankou nan domèn sikolojik, elatriye. *Sant, Mibalè, 24/09/05 ; Ateye sektoryel fanm, Pòtoprens, 20/09/2005.*
 - Èd la pèmèt jistisyab ki pa gen lajan pou sa peye frè lajistis, jwenn oswa peye ekspèti tankou otopsi, ak ekspèti medikolegal li beswen pou fè respekte dwa li. *Ateye majistra, Pòtoprens, 23/10/2005.*

2. Disponibilité de l'aide juridique

Constats :

- Pa janm gen fòmasyon ak edikasyon sivik ki fèt pou konsyantize sitwayen yo sou egzistans èd la, piti kon l ye. *Lwès, Kafou, 17/09/05.*
- Pa gen okenn fòmasyon oswa edikasyon sivik ki fèt nan sans sa a pou pèmèt konnen ki kote pou yo frape lè yo bezwen asistans jiridik. Se kòmki dire, moun yo pa gen okenn fòmasyon nan koze a. *Lwès, Leogan, 24/09/05.*
- Èd jiridik la pa pèmèt toude pati yo, viktim tankou akize, byen reprezante ak patisipe nan rezoud konfli san gwo ponyèt nan kad pwosè a. *Lwès, Kafou, 17/09/05*

Propositions:

- **Services d'information sur l'accès à l'aide juridique**
 - Èd la pa efikas, li pa pèmèt tou jistisyab yo vin gen plis konesans nan zafè dwa, lajistis ak lòt mekanis pou rezoud konfli yo san gwo ponyèt.
 - Gen fòmasyon ak edikasyon sivik ki fèt pou konsyantize sitwayen yo sou egzistans èd la, piti kon l ye. *Lwès, Kafou, 17/09/05.*
 - Gen enfòmasyon **oswa edikasyon sivik ki fèt nan sans sa a nan chak tribinal** pou pèmèt konnen ki kote pou yo frape lè yo bezwen asistans jiridik. *Lwès, Leogan, 24/09/05.*
 - Ofis pwoteksyon sitwayen ak Oganizasyon dwa moun bay plis enfòmasyon sou èd jiridik ki ekziste. Gen kanpay edikasyon sivik sou sa. *Ateye près ak entelektyel, 26/10/2005.*
- **Existence de l'aide dans toutes les juridictions judiciaires**
 - Nan asiz kriminel, se sèlman nan moman jijman an moun ki pa gen avoka, **pifò akize yo**, jwenn yon asistans jiridik. *Sant, Mibalè, 24/09/05.*
 - Moun ki nan nesite pou sa pa kab jwenn èd la **(li) nan tout tribinal**. *Latibonit, Tirinyè, 9/10/05.*
 - Èd la dwe egziste nan tout jiridiksyon yo. Dwe gen avoka ki disponib nan pou bay moun ki pa gen kòk pou peye yon avoka. *Sant, Mibalè, 24/09/05*
- **Existence de l'aide à toutes les phases du procès**
 - Èd la pa efikas, li pa pèmèt jistisyab yo vin gen plis konesans nan zafè dwa, lajistis ak lòt mekanis pou rezoud konfli yo san gwo ponyèt. Sa k fè sa, se paske se yon moso èd leta bay, sèlman nan jijman an.

- Si nou vle gen yon Leta dedwa nan peyi a, se toulede pati yo, viktim tankou akize, ki dwe jwenn èd la, lè yo gen bezwen li. *Sidès, Tyòt, 08/10/05.*
 - Sa dwe fèt depi nan koumansman pwosè a jis nan finisman jijman an. Konsa, nou kab pale efikasite èd la. *Lwès, Kafou, 17/09/05.*
- **Tabli estrikti pou bay konsey jiridik ak rezoud konfli ki tabli sou metòd altenatif, lè jistisyab yo dakò.** *Sendika ak peyzan, 27/09/2005.*

3. Organisations et institutions chargées de l'aide juridique

Constat :

- Èd gratis Leta bay la pa pèmèt jistisyab yo gen aksè ak lajistis. Èd la pa pèmèt jistisyab yo rezoud konfli yo san gwo ponyèt. Enstitisyon ki plase pou bay èd la pa gen estrikti ak mekanis. *Latibonit, Tirinyè, 09/10/05.*
- Èd la pa egziste nan tout jiridiksyon ki gen nan peyi a. Se sèlman lè gen asiz yo bay èd la nan nivo bawo yo. Pou Ofis Pwoteksyon Sitwayen an, sa pa egziste nan depatman an, se non li pote. *Sidès, Bèlans, 01/10/05*
- Lalwa pèmèt Ofis Pwoteksyon Sitwayen, bawo yo fonksyone, men Leta pa mete resous ak mwayen ki nesèsè aladispozisyon yo pou yo fonksyone kòsadwa. Kidonk, òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje pou bay asistans jiridik la pa gen resous pou yo fonksyone kòm sa dwa. *Sidès, Bèlans, 01/10/05*

Propositions :

- Oganizasyon ak enstitisyon ki anchaje pou bay asistans jiridik la gen pi bon ankadreman legal pou yo byen fonksyone. *Sant, Mibalè, 24/09/05.*
- Lapolis, jij yo, otorite ki la nan gadavi yo, sant detansyon ak prizon enfòmè moun kip a gen avoka sou kote yo dwe jwen asistans legal. *Ateye Dwazimen, Potoprens, 20/09/05.*
- Leta mete resous ak mwayen ki nesèsè aladispozisyon Ofis Pwoteksyon Sitwayen, bawo yo, òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje pou bay asistans jiridik la. *Lwès, Kafou, 17/09/05.*
 - Ofis Pwoteksyon Sitwayen
 - Gen nouvo lwa ki pran sou Ofis proteksyon sitwayen pou èd li bay la pi efikas. *Près ak enteletyel, Pòtoprens, 26/09/2005.*
 - OPS mete plis aksan sou moun ki defavorise yo, fanm ak timoun ki nan detansyon, timoun elatriye. *Ateye fanm, 20/10/2005.*
 - Tabli estrikti OPC nan tout peyi a. li rekrite manm li yo sou konkou. *Sendika ak Peyizan, 27/09/2005.*

- Bawo
 - Leta tabli aklè wòl bawo yo pou yo asiste moun ki pa gen lajan pou peye yon avoka; *Atelye sektoryel fanm, Pòtoprens, 20/09/2005.*
 - Avoka stagiè yo jwenn bon jan fòmasyon ak ankadreman avoka eksperimante yo pou bay yon asistans kòm sa dwa. Bawo yo mete aladispozisyon moun ki pa gen lajan avoka ki gen ekperians tou. *Atelye sektoryel avoka, 22/10/2005.*
 - Bawo yo dwe bay asistans depi koumansman jiska finisman pwosè a. *Sant, Mibalè, 24/09/05.*

- òganizasyon defans ak pwoteksyon dwa moun
 - Tabli yon nouvo kad jiridik pou oganizasyon dwa moun gen dwa aklè nan bay popilasyon an sèvis. *Atelye prè ak entèlektiyèl, 26/09/2005.*
 - Tabli regleman ak kritè pou pèmèt òganizasyon dwa moun yo vizite prizon, sant detansyon ak gadavi yo. Leta dwe bay otorizasyon yo pou yon lane renouvlab. *Sidès, Bèlans, 01/10/05.*
 - Òganizasyon sila yo bay èd ki total epi ki efikas nan tout nivo ni pou timoun ki poko kapab reskonsab zak yo devan lajistis, ni pou fanm yo ak lòt kategori soyal yo. *Lwès, Kafou, 17/09/05.*
 - Leta pran yon lwa pou di kijan epi pèmèt enstitisyon sila yo bay kategori - moun ki sou kote yo- moun ki bezwen asistans jwenn asistans lè yo bezwen (timoun ki poko kapab reskonsab zak yo devan lajistis – fanm nan pwoblèm et ki paka peye avoka). *Sant, Mibalè, 24/09/05.*

- Ministè lajistis pran reskonsabilite li nan bay mwayen pou gen yon pwogram ed efikas
 - Pran yon nouvo lwa sou èd jiridik la. *Atelye Sektoryel Fanm, 20/09/2005.*
 - Mete an plas yo politik asistans jidisyè ki entegre òganizasyon ak enstitisyon ki gen ekperians nan domèn la. *Sendika ak peyizàn, 27/09/2005.*

➤ **Kontwol aktivite èd la**

- Gen fason ki tabli pou kontwole jan èd la ap bay a divès moun ki resevwa èd la.
- Ministè lajistis, Ofis pwoteksyon sitwayen, bawo yo patisipe ak Oganizasyon dwa moun nan mekanis pou kontwole èd la.
- Rapò fèt sou jan èd la bay ak ki pwoblèm li genten.

4. Finansman aktivite ed jiridik la

Constats :

- Leta dwe pran yon lwa pou mete asistans jiridik la nan bidjè nasyonal la.
- Enstitisyon tankou Ofis Pwoteksyon Sitwayen, bawo yo dwe gen plis konpetans moun epi bay yo yon salè ki rezonab pou yo kab fè travay yo kòmsadwa.
- Ministè lajistis la, Ofis Pwoteksyon Sitwayen an, bawo yo, ak òganizasyon dwa moun yo ta dwe jwenn finansman nan men Leta pou yo kab fè travay yo kòmsadwa. *Lwès, Leogan, 24/09/05*

Propositions :

- Finansman aktivite ed jiridik yo
 - Fòk gen lajan ki antre nan bidjè nasyonal la pou asistans jiridik la menm. *Lwès, Leogan, 24/09/05*
 - Ofis proteksyon sitwayen an, Bawo yo, Òganizasyon dwa moun yo jwenn lajan nan men Leta tou, yon manyè pou ed yo bay la kapab pi efikas. *Sant, Mibalè, 24/09/05, Leogan, 24/09/05.*
- Enstitisyon anchaje Finansman aktivite ed jiridik yo
 - Otorite Leta yo tandè òganizasyon ak enstitisyon ki bay ed la pou kònn bezwen yo epi tabli bidjè pou ed la kapab efikas. *Atelye Sendika ak Peyizan, 20/09/05.*
 - Leta mèt mwayen anplas pou kontwole jan òganizasyon ak enstitisyon kap bay ed la ap itilize lajan ki bay pou sa. *Atelye sektoryel fanm, 20/09/2005.*
 - Ta dwe gen yon komisyon ki mete sou pye, ki konpoze ak divès moun ki soti nan òganizasyon dwa moun yo, bawo avoka yo, Ofis Pwoteksyon sitwayen an, pou kontwole ak jere lajan an. *Lwès, Leogan, 24/09/05.*
 - Ministè Lajistis, Pouvwa jidisyè, minitè finans ak Kou Siperyè dèkont dwe siveye kouman lajan an ap depanse. *Lwès, Kafou, 17/09/05.*